# BAQSÍSHÍLÍQ ARQALÍ MILLIY QÁDIRIYATLARDÍ JASLAR SANASÍNA SIŃDIRIW

***NAURIZBAEVA XANZADA ORALBAY QIZI***
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı*
*Nókis filialı "Baqsıshılıq hám dástanshılıq" qánigeligi studenti*

**Annotaciya:** Bul ilimiy maqalada baqsıshılıq óneri arqalı milliy qádiriyatlardı jaslar sanasına sińdiriw máseleleri kompleksli túrde úyreniledi. Izertlewde baqsıshılıq tariyxıy tamırları, onıń xalıq arasındaǵı ornı, jaslardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasındaǵı áhmiyeti hám zamanagóy sharayattaǵı rawajlanıw baǵdarları tallanadı. Sonday-aq, maqalada baqsıshılıqtı bilimlendiriw sistemasına integraciyalaw hám jaslar sanasında milliy ózlikti qáliplestiriwdegi roli ilimiy tiykarda sáwlelenedi.

**Gilt sózler:** baqsıshılıq, milliy qádiriyatlar, jaslar tárbiyası, mánawiyat, xalıq awızeki dóretiwshiligi, dástanshılıq, milliy ózlik, mádeniy miyras, pedagogikalıq áhmiyet, watansúyiwshilik, dástúr hám úrp-ádetler, estetikalıq tárbiya.

**Annotation:** This article examines the role of baxshi art in instilling national values in the minds of young people. It analyzes its historical roots, pedagogical significance, and role in shaping national identity, as well as modern approaches to its development and integration into education.

**Keywords:** baxshi art, national values, youth education, spirituality, oral folklore, epic tradition, national identity, cultural heritage, pedagogical significance, patriotism, traditions and customs, aesthetic education.

## KIRISIW

Jámiyet rawajlanıwınıń áhmiyetli faktorlarınan biri bul onıń ruwxıy tiykarları hám milliy qádiriyatları bolıp tabıladı. Hár bir xalıq óziniń tariyxıy tájiriybesi, úrp-ádetleri, dástúrleri hám mádeniy miyrası arqalı ózligin saqlap qaladı. Sonıń ushın jas áwlad sanasına milliy qádiriyatlardı sińdiriw máselesi bárqulla úlken áhmiyetke iye bolıp kelgen.

Xalqımızdıń bay mádeniy miyrasında baqsıshılıq óneri ayrıqsha orın tutadı. Baqsıshılıq — bul xalıq awızeki dóretiwshiliginiń joqarı úlgisi bolıp, ol arqalı xalıqtıń tariyxıy esteligi, ádep-ikramlılıq kózqarasları hám sociallıq idealları bildiriledi. Baqsılar tárepinen atqarılatuǵın dástanlar jaslar ushın tek ǵana estetikalıq zawıq deregi emes, bálki áhmiyetli tárbiya quralı esaplanadı.

Globallasıw processleri kúsheyip atırǵan házirgi dáwirde milliy ózlikti saqlaw, jaslardı hár qıylı jat ideyalar tásirinen qorǵaw hám olardıń ruwxıy immunitetin bekkemlew áhmiyetli wazıypaǵa aylanbaqta. Usı kózqarastan, baqsıshılıq kórkem

ónerinıń imkaniyatların tereń úyreniw hám onnan nátiyjeli paydalanıw zárúrligi payda bolmaqta [1. 54-bet].

## TIYKARǴI BÓLIM

Baqsıshılıq kórkem óneri óziniń kóp ásirlik tariyxına iye bolıp, ol xalıqtıń awızeki dóretiwshilik dástúrleri tiykarında qáliplesken. Baqsılar jámiyette tek ǵana dóretiwshi emes, al ruwxıy jetekshi sıpatında da jumıs alıp barǵan. Olar arqalı xalıqtıń tariyxıy waqiyaları, qaharmanlıq dástúrleri, ádep-ikramlılıq qádiriyatları áwladtan-áwladqa jetkerilgen.

Baqsılar repertuarında ayrıqsha orın ieleytuǵın dástanlar jaslar tárbiyasında úlken áhmietke ie. Sonıń ishinde, "Alpamıs" dástanı arqalı mártlik, watansúyiwshilik, sadıqlıq hám mártlik sıyaqlı pazıyletler úgit-násiyatlanadı. Bul bolsa jaslar sanasında milliy qádiriyatlardıń qáliplesiwine tikkeley tásir kórsetedi [Karimov I., 2008, 120-bet].

Baqsıshılıq kórkem óneri xalıq pedagogikasınıń ajıralmas bólegi sıpatında jaslar tárbiyasında keń imkaniyatlarǵa iye. Ol arqalı jaslar:

- jaqsılıq hám jamanlıqtı parıqlawdı úyrenedi;
- ádep-ikramlılıq normaların túsinedi;
- estetikalıq talǵamı qáliplesedi;
- milliy maqtanısh sezimleri rawajlanadı.

Ilimiy izertlewler sonı kórsetedi, awızeki dóretiwshilik úlgilerin turaqlı úyreniw jaslardıń ruwxıy dúnyaqarasın keńeytedi hám olardıń sociallıq belsendiligin arttıradı [Rasulov A., 2019, 86-bet].

Bunnan tısqarı, baqsıshılıq milliy ózlikti qáliplestiriwde de áhmietli rol oynaydı. Onda xalıqtıń tariyxı, qádiriyatları, úrp-ádetleri jámlenip, jaslar óz milletine tiyisli ekenligin tereńirek ańlay baslaydı. Bul bolsa olardıń milliy ózligin seziwine xızmet etedi [Saidov B., 2020, 63-bet].

Házirgi dáwirde baqsıshılıq kórkem ónerin rawajlandırıw hám onı jaslar arasında keńnen úgit-násiyatlaw áhmietli wazıypalardan biri bolıp esaplanadı. Bul baǵdarda bilimlendiriw sistemasına baqsıshılıqqa baylanıslı pánlerdi engiziw, mádeniy ilajlar hám festivallar shólkemlestiriw, ǵalaba xabar quralları hám internet arqalı úgit-násiyatlawdı kúsheytiw úlken áhmietke ie. Ásirese, xalıqaralıq kólemde ótkerilip atırǵan baqsıshılıq festivalları bul kórkem óner túriniń abırayın arttırıwǵa xızmet etpekte [UNESCO, 2021, 41-bet].

## JUWMAQ

Juwmaqlap aytqanda, baqsıshılıq kórkem óneri jaslar sanasına milliy qádiriyatlardı sińdiriwde áhmietli hám nátiyjeli qural bolıp esaplanadı. Ol xalıqtıń bay ruwxıy miyrasın saqlap qalıw hám onı keleshek áwladqa jetkeriwde úlken áhmiyetke iye. Sonıń ushın baqsıshılıqtı rawajlandırıw, onı bilimlendiriw sistemasına integraciyalaw hám zamanagóy texnologiyalar arqalı úgit-násiyatlaw áhmietli wazıypa

bolıp qalmaqta. Bul bolsa jas áwladtı ruwxıy bárkamal, milliy ózligin ańlaǵan shaxs sıpatında tárbiyalawǵa xızmet etedi.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Toxtayev S. Madaniyatshunoslik. Tashkent, 2017.
2. Karimov I. Yuksak mánaviyat – yengilmas kuch. Tashkent, 2008.
3. Rasulov A. Ózbek xalıq awızeki dóretiwshiligi. Tashkent, 2019.
4. Saidov B. Madaniy miyras hám jaslar tárbiyası. Tashkent, 2020.
5. UNESCO. Intangible Cultural Heritage Report. Parij, 2021.